

Sipò pou travayè yo

Si ou bezwen rete lakay ou akòz COVID-19, genyen resous pou ou. Tanpri pa al travay, si ou malad.

Konje maladi peye

Si ou santi ou malad nan nenpòt ki jan, souple rete lakay ou. Genyen plizyè opsyon konje maladi peye ki disponib.

- Premye Jès Repons pou fanmi ak Kowonaviris (FFCRA) mande pi fò bès travay yo pou yo bay anplwaye yo de semèn (jiska 80 èdtan) konje maladi peye si yon an karantèn oubyen genyen sentòm COVID-19. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou www.dol.gov/agencies/whd/pandemic/ffcra-employer-paid-leave.
- Nan Rhode Island, pi fò anplwaye kapab genyen jiska 40 èdtan konje maladi peye jan lwa nan Eta a mande l la. Yo ka itilize sa anplis FFCRA konje maladi a. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite dlt.ri.gov/documents/pdf/ls/HSFWfactsheet.pdf.
- Si ou pa genyen konje maladi peye atravè travay ou, oubyen si ou itilize tout tan konje maladi ou, Asistans pou Moun ki pap Travay nan Pandemi a (PUA) se yon lòt opsyon. PUA disponib pou moun ki gen COVID-19 oubyen pou moun ki pran swen moun ki gen COVID-19 – ladan l gen moun ki travay poukont yo ak moun ki gen kontra endepandan.
- Si ou pa genyen sentòm yo, men ou an karantèn akòz vwayaj oubyen paske ou antre an kontak ak yon moun ki gen COVID-19, ou toujou bezwen rete lakay ou jiskaske ou fini ak peryòd karantèn nan. Ou kapab itilize konje maladi peye FFCRA a oubyen PUA pandan w ap fè l la.
- Si ou malad, men ou teste negatif pou COVID-19, ou sipoze rete lakay ou jiskaske ou pa gen sentòm yo ankò. Nan ka sa, Asirans tanporè pou andikape (TDI) se yon lòt pwogram ki disponib. Plis enfòmasyon disponib nan dlt.ri.gov/tdi/faq.

Ou p ap Travay?

Si plas biznis ou an fèman, oubyen bès travay ou a di w rete lakay ou epi yo pa peye w, ou kapab elijib pou asirans moun ki pap travay (UI) epi ou kapab aplike avantaj atravè Depatman Travay ak Antrenman (DLT) nan dlt.ri.gov/ui.

Si reklamasyon ou la gen rapò ak COVID-19, tanpri mete sa nan aplikasyon an. DLT retire peryòd sèt jou abityèl COVID-19 ki gen rapò ak reklamasyon.

Si ou se yon travay nan ekonomi, travayè sou kontra, pwopriyetè ti biznis, travayè ki anboche, travayè endepandan epi ki pap travay akòz COVID-19 nan, ou kapab elijib pou Asistans pou Moun ki pap Travay nan Pandemi an (PUA) epi kapab aplike nan covidemergencybenefits.dlt.ri.gov.

Pa kapab travay?

Si ou pa kapab travay men kote w ap travay la rete louvri, oubyen si ou refize yon òf anplwa, ou bezwen genyen yon bon rezon pou kapab jwi avantaj yo. Bon koz la gen ladan l:

- Ou te teste pozitif pou COVID-19;
- Doktè ou rekòmande ou pou pa travay paske ou nan gwo danje; oubyen
- Ou se moun k ap bay premye swen pou yon moun kote plas pou pran swen li femen akòz COVID-19 nan.

Si ou respekte kondisyon sa yo, ou kapab aplike pou Asistans moun ki pap travay nan Pandemi a. nan covidemergencybenefits.dlt.ri.gov.

Kontakte Nou

Si ou gen kesyon sou reklamasyon moun ki pap travay, oubyen ou ta renmen depoze yon nouvo reklamasyon nan telefòn, tanpri kontakte sant UI a nan (401) 415-6772.

Orè Sant UI a se:

- Lendi - jedi: 8am - 6pm
- Vandredi: 9am - 6pm
- Samdi: 8am - 11:30am

Ou ka voye Kesyon Jeneral yo nan dlt.covid19@dlt.ri.gov

Ou pa elijib pou jwenn asistans piblik?

Si ou pa elijib pou avantaj piblik yo akòz estati imigrasyon, ou kapab resevwa \$400 sou kat debite, ki peye davans.

- Kay kapab resevwa \$400 pou chak manm fanmi ki majè.
- Pou aplike, rele oubyen ale sou entènèt sou Dorcas International: 401-784-8601; diiri.org/wer1application/
- Tout enfòmasyon w ap bay la yo pral rete konfidansyèl.

Sante ak Sekirite nan Espas Travay

- Depatman Sante nan Rhode Island (RIDOH) mande bès travay yo pou swiv règleman sante ak sekirite COVID-19 nan, tankou evalyasyon pou maladi ak pote mas nan figi.
- Pou enfòmasyon sou règleman ki aplikab pou espas travay espesifik, tanpri vizite reopeningri.com. Ou kapab kontakte RIDOH COVID-19 nan nimewo espesyal sa (401) 222-8022.
- Si espas travay ou pa swiv règleman sante ak sekirite yo, tanpri rapòte sa nan Depatman Règleman Biznis (DBR) sou sitwèb yo a (dbr.ri.gov) oubyen atravè apèl (401) 889-5550.

Asirans Sante nan Pri ki Ba

Si ou pèdi pwoteksyon sante nan travay ou, ou kapab aplike pou asirans sante atravè HealthSourceRI. Pou plis enfòmasyon, vizite www.healthsourceri.com oubyen www.healthsourceri.com/es/ oubyen rele 1-855-4774.

Lòt Resous

RIDelivers konekte moun Rhode Island yo ki nan karantèn ak resous tankou livrezon makèt, asistans manje, epi livrezon famasi. RIDelivers.com Rele 211 oubyen 401-462-4444 pou ka konekte ak resous anplis nan Rhode Island.

Si ou pèdi travay ou akòz COVID-19, EmployRI kapab di ou kilès k ap anboche nan kominote ou la. employri.org

Menm opòtinite pou bòs travay/pwogram. Èd ak sèvis oksilyè Sèvis Relè Rhode Island la nan 711